

Travay ak Modifikasyon yo

Ki sa paran yo ka fè pou yo ede pitit yo aprann lekòl

Estanda pou on baz komen mande pou pwofesè yo fè 12 gwo modifikasyon (osnon chanjman) nan klas yo – sis modifikasyon nan etid lang angle ak sis modifikasyon nan matematik. Modifikasyon sa yo gendwa difisil nan kòmansman lè elèv ak pwofesè ap eseye konfòme yo selon objektif ki pi wo.

Kòm paran, ou kapab ede e ou kapab aprann plis nan pale ak pitit ou sou sa y ap aprann. Poze yo kesyon ki pèmèt yo detaye repons yo sou sa yo aprann lekòl chak jou, li devwa yo epi patisipe nan aktivite lekòl la ap fè pou ou ka konnen ki objektif pwofesè yo.

Dokiman sa a eslike kèk nan jan klas pitit ou a ap chanje epi kòman ou ka ede; pou plis enfòmasyon, al tcheke www.engageny.org.

12 MODIFIKASYON YO

Angle/Li ak ekri	Matematik
<ul style="list-style-type: none"> • Li menm kantite tèks ki pa fiksyon ak tèks fiksyon 	<ul style="list-style-type: none"> • Devlope ladrès k ap sèvi nan tout nivo
<ul style="list-style-type: none"> • Li pou ou dekouvri sa ki egziste nan lemonn 	<ul style="list-style-type: none"> • Aprann plis bagay sou mwens kantite sijè
<ul style="list-style-type: none"> • Li tèks ki pi difisil 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak done matematik pi fasil
<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak "evidans" lè ou ap pale de lekti 	<ul style="list-style-type: none"> • Reflechi rapid EPI rezoud pwoblèm
<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak "evidans" lè ou ap ekri sou tèks 	<ul style="list-style-type: none"> • Konnen l toutbon, fè l byen toutbon
<ul style="list-style-type: none"> • Konnen plis mo vokabilè 	<ul style="list-style-type: none"> • Sèvi ak matematik nan reyalite lavi a

ANGLE/LI AK EKRI: OBJEKTIF POU ELÈV YO AK LIDE POU PARAN YO

Ki modifikasyon li ye?	Ki sa elèv yo ap gen pou yo fè?	Ki jan paran yo ka ede?
Li menm kantite tèks ki pa fiksyon ak tèks fiksyon	Li plis tèks ki pa fiksyon	Bay timoun yo plis tèks ki pa fiksyon
	Konprann ki jan tèks ki pa fiksyon ekri, konprann ki jan yo fè l	Li tèks ki pa fiksyon a wotvwa osnon li yo avèk timoun yo
	Pran plezi ou nan fè kòmantè sou detay ki gen nan tèks ki pa fiksyon	Pale de tèks ki pa fiksyon devan timoun yo pou ou montre yo jan ou pran plezi ou ladan yo
Li pou ou dekouvri sa ki egziste nan lemonn	Li pou ou aprann plis toujou nan domèn syans ak syans sosyal	Bay pitit ou seri tèks sou sijè ki enterese l
	Sèvi ak dokiman "premye sous"	Chache liv ki esplike kouman bagay fonksyone e pou ki sa
	Devlope entelijans ou nan sèvi ak tèks	Fè kòmantè sou tèks ki pa fiksyon ak lide ki ladan yo
Li tèks ki pi difisil	Li, reli jiskaske yo konprann	Konnen ki tèks ki nan nivo klas la
	Li ni liv ki nan nivo yo, ni liv ki on ti jan pi wo nivo yo	Ba yo ni liv ki on ti jan difisil ni liv yo ka li san pwoblèm
	Si gen difikilte nan li tèks yo, pa lage sa	Li liv ki on ti jan difisil ak pitit ou
	Kontinye fè efò pou ou amelyore	Montre yo liv ki difisil, yo merite pou yo li yo tou
Sèvi avèk evidans lè ou ap pale de lekti	Chache evidans pou sipòte agiman yo	Pale de tèks
	Devlope jijman ak opinyon	Mande evidans chak fwa n ap fè kòmantè osnon lè nou nan diskisyon
	Fè kòmantè sou sa k nan panse otè a.	Li a wotvwa osnon li menm liv ak pitit ou epi fè kòmantè
	Fè prediksyon sou sa ki ka pase apre	Fè kòmantè sou prediksyon yo
Sèvi avèk evidans lè ou ap ekri sou tèks	Sèvi ak evidans pou ou prezante agiman lè ou ap ekri	Ankouraje timoun yo ekri lakay
	Ekri sou plizyè tèks pou ou konpare yo	Sèvi ak evidans, ak detay pou nou ekri "liv" ansanm
	Aprann ekri byen	Fè kòmantè sou echantiyon tèks elèv ekri
Konnen plis mo vokabilè	Aprann mo y ap bezwen pou yo sèvi nan inivèsite ak nan pwofesyon yo	Li souvan epi regilyèman ak timoun piti
	Konnen pi byen ki jan pou ou sèvi ak "langaj pouvwa"	Li plizyè liv sou menm sijè a
		Pale ak timoun yo, li avèk yo, koute yo, chante avèk yo, fè rim griyen dan ak jwèt sou mo avèk yo

MATEMATIK: OBJEKTIF POU ELÈV YO AK LIDE POU PARAN YO

Ki modifikasyon li ye?	Ki sa elèv yo ap gen pou yo fè?	Ki jan paran yo ka ede yo?
Devlope ladrès k ap sèvi nan tout nivo	Kontinye ajoute sou fondasyon konesans ane apre ane	Konnen nan ki sa timoun lan te gen pwoblèm ane pase e kouman sa ap afekte li
		Kanpe pou ou defann dwa timoun lan
		Fè on jan pou timoun lan jwenn sipò pou bouche twou li genyen, tankou nan nonm negatif, nan fraksyon, elatriye...
Aprann plis bagay sou mwens kantite sijè	Pase plis tan ap travay sou mwens kantite konsèp	Konnen ki travay ki pi enpòtan nan nivo pitit ou a
Sèvi ak done matematik pi fasil	Apwofondi konesans ou pi plis pou chak konsèp	Pase tan ak pitit ou sou travay ki pi enpòtan pou li
		Mande pwofesè a pou l ba ou rapò sou pwogrè pitit ou fè nan travay ki pi enpòtan yo
Reflechi rapid EPI rezoud pwoblèm	Pase anpil tan ap rezoud plizyè pwoblèm ki sou menm lide a	Ankouraje timoun yo aprann, konprann epi memorize done esansyèl matematik
		Konnen tout kalite konpetans pitit ou ta dwe genyen
		Bay konpetans ou wè timoun lan pi difisil pou devlope yo priorite
Konnen l toutbon, fè l byen toutbon	Aplike konesans matematik ou, epi konnen pou ki sa sa mache	Poze kesyon epi tcheke devwa pou ou wè si timoun lan konnen sa repons lan ye e pou ki sa se repons sa a li ye
	Esplike pou ki sa matematik mache	Ensiste pou yo bay timoun lan tan li bezwen pou l aprann nosyon kle nan matematik
	Pwouve yo konnen kouman e pou ki sa travay matematik mache	Bay timoun lan tan pou l travay sou nosyon matematik lè li lakay li
Sèvi ak matematik nan reyalite lavi a	Aplike matematik nan sitiyasyon reyèl	Mande timoun lan pou l rezoud pwoblèm matematik nou rankontre nan lavi a
	Konnen ki nosyon matematik ki dwe sèvi nan ki sitiyasyon	